

[**◀Atik
anvan-an**](#)[**Gid jénéral-la**](#)[**Atik▶
apré-a**](#)

TOUAZIÈM CHAPIT **Mouin kouè nan Éspri-Sin-an**

ATIK 9

« Mouin kouè légliz-la sin é li la pou tout moun » (Sint Égliz katolik)

PARAGRAF 6. *Mari – Manman Kris-la, Manman l'Égliz-la*

963 Apré nou té fîn palé osijè fonksion Sint Vièj-la nan mistè Kris-la ak
487-507, Éspri-Sin-an, kounié-a li bon pou nou konsidéré plas-li nan mistè l'Égliz-la.
721-726 « Vièj Mari réyèlman [...] yo rékonèt li épi yo onoré-l kòm véritab
 Manman Bondié ak Rédanmtè nou-an [...] pi plis minm, “li sé véritab
 manman manb (Kris-la), [...] paské li koopéré nan rinmin-an, pou fidèl-
 yo pran nésans nan l'Égliz-la, yo minm ki manb Tèt sa-a” (S. Augustin,
 virg. 6 : PL 40, 399) » (LG 53). « Mari, [...] Manman Kris-la, Manman
 [...] l'Égliz-la tou » (Paul VI, discours 21 novembre 1964).

I. Matènité Mari parapò a l'Égliz-la

Li fè youn toutantié ak Pitit li-a...

964 Fonksion Mari aléga l'Égliz-la pa kapab séparé ak youn li fè youn
avèk Kris-la, épi sé nan sa li dékoulé dirèktéman. « Fason sa-a Manman-
an fè youn ak Pitit-la nan travay pou sové moun-nan, li parèt dépi moman
konsépsion virjinal Kris-la jous nan lanmò-li » (LG 57). Li manifésté yon
fason spézial nan lè soufrans li-a :

534 « Trè Sint Vièj-la té avansé nan pèlerinaj lafoua-a ; ak fidélité, li kinbé nan
 fè youn ak Pitit-la jous bò koua-a, koté sé dapré désision Bondié minm li té
 kanpé la ; li té soufri anpil vré ansanm ak sèl Pitit li-a épi, ak nanm yon
 manman, li asosié nan sakrifis li-a antan li aksépté, nan rinmin, pou yo
 sakrifié viktim-nan li té anfanté-a ; finalman pandan Kris Jézu minm ap
 mourir sou koua-a, li rinnèt Vièj Mari bay disip-la tankou manman-l ak paròl
618 sa-yo : “Madanm, min pitit ou” (cf. Jan 19,26-27) » (LG 58).

965 Apré Asansion Pitit li-a, Mari « té asisté kòmansman l'Égliz-la ak priyè-li » (LG 69). Antan-l réyini avèk Apot-yo épi kèk médam, « nou ouè [...] Mari minm tou, ak priyè-l yo, t-ap mandé kado Éspri-a, sa ki té déjà kouvril ak lonbraj li-a nan Anonsiasion-an » (LG 59).

... minm nan Asonpsion-l nan tou...

966 « Anfin, Vièj Imakilé-a, sa-k té rété prézèvé pou-l pa gin okinn tach
 491 péché orijinèl-la, lè-l fini kous lavi-l sou tè-a, yo té pran-l nan gloua sièlla ak kò-l épi ak nanm-li, épi yo lévé-l anlè tankou Rèn tout bagay pou-l kapab fin konfòm nèt ak Pitit li-a, Granmèt tout mèt-yo ki ranpòté viktoua sou péché ak lanmò » (LG 59 ; cf. proklamasion dògm Asonpsion Trè sint Vièj Mari-a, sa Pap Pi XII té fè an 1950-la : DS 3903). Asonpsion Sint Vièj-la sé yon patisipasion spésial nan Réziréksion Pitit li-a épi yon antisipasion réziréksion tout lòt krétyin-yo :

« Nan anfantman-ou nan ou té konsèvé virjinité-ou, nan dòmi ou dòmi-an ou pa kité tè-a, ou-minm Manman Bondié : ou rivé jouinn sous Lavi-a, ou-minm ki té poté Bondié vivan-an nan vant épi li-minm, palintèmèdiè priyè-ou yo, l-ap libéré nanm nou-yo sot anba lanmò » (Liturgie byzantine, Tropaire de la fête de la Dormition [15 août]).

... li sé Manman-nou sou plan lagras-la

967 Poutèt li rété kolé anplin nan volonté Papa-a, nan travay rédanmsion
 2679 Pitit li-a épi nan tout élan Éspri-Sin-an bay, Vièj Mari sé modèl lafoua ak
 507 charité pou l'Égliz-la. Sé poutèt sa, li sé « manb ki dépasé lòt-yo épi ki spésial tout bon nan l'Égliz-la » (LG 53), sé li minm ki « réalizacion égzanplè », « modèl », l'Égliz-la (LG 63).

968 Min fonksion-l aléga l'Égliz-la épi tout ras moun-nan rivé pi louin
 494 toujou. Li-minm « li koopéré tout bon yon fason spésial nan travay Sovè-a ak obéyisans, ak lafoua, ak espérans épi ak yon rinmin ki cho pou réstoré lavi ki dépasé natu-a nan moun-yo. Sé poutèt sa li sé Manman nou sou plan gras-la » (LG 61).

969 « Matènité sa-a, Mari ginyin nan déroulman plan lagras-la (Économie
 149, 501 de la grâce), l-ap diré san rété, dépi nan konsantman li té bay ak fidélité lè Anonsiasion-an, sa li té kinbé san ézité anba koua-a, jous tout sa yo chouazi-yo rivé nan akonplisman pou tout tan-an. Antan yo pran-l nan sièl-yo, li pa sispann fonksion édé nou sové sa-a, min gras a intèsesion-l, li fè nou jouinn anpil kado pou sové n-ap sové pou tout tan-an. [...] Sé poutèt sa yo invoké Sint Vièj-la nan l'Égliz-la ak tit : Avoka, Oksiliatris, Sékou, Médiatris » (LG 62).

970 « Konsa fonksion manman Mari ginyin aléga moun-yo pa ni fè lonbraj
 2008 ni diminué sou sèl médiasion Kris-la, okontré li montré fòs éfikasité-li. Réyèlman, tout infliyans Sint Vièj-la nan sové moun-yo sové-a [...] dékoulé soti nan débòdman mérit san limit Kris-la, li apuiyé sou

1545 médiasion Kris-la, li dépann dé li, épi sé la li pran tout fòs éfikasité-l » (LG 60). « Réyèlman, yo pap janm kapab mété yon kréatu sou minm plan ak Paròl ki pran chè-a épi ak Rédanmtè-a ; min minm jan minis-yo ak fidèl-yo patisipé nan yon fason diféran nan yon sèl sasèrdòs Kris-la épi tankou yon sèl bonté Bondié-a vidé nan fason réyèlman diféran nan kréatu-yo, sé konsa tou yon sèl médiasion Rédanmtè-a pa éliminé min li révéyé bò koté kréatu yo diféran patisipasion nan kolaborasian-an apati yon sèl sous-la » (LG 62).

308

2673-2679

II. Kult Sint Vièj-la

971 « *Tout jénérasiōn ap di ala kontantman pou mouin* » (Lc 1, 48) :
 1172 « Sèvis réspè piété l'Égliz-la aléga sint Vièj Mari fè pati natu kult krétyinan nan li-minm » (MC 56). Sint Vièj-la « l'Égliz-la gin rézon onoré-l ak yon kult ki spésial. Épi éféktivman dépi nan tan ki pi ansyin-yo yo té sélébré Sint Vièj-la ak tit “Manman Bondié”, sé anba protéksion-l fidèl-yo vîn pran réfij antan y-ap sipliyé nan tout danjé ak nan problèm-yo. [...] Kult sa-a, minm si li [...] vrèman spésial, li diféran ésansièlman parapò a kult adorasion yo doué ginyin pou Paròl-la ki pran chè-a minm jan ak pou Papa-a ak Espri-Sin-an, min li favorisé sèvis adorasion sa-a anpil » (LG 66) ; li éksprimé nan fêt litijk yo dédié bay Manman Bondié-a (cf. SC 103) épi nan priyè marial-la, tankou sin Rozè-a, ki « yon rézimé tout Évanjil-la » (cf. MC 42).

2678

III. Mari – Ikôn éskatolojik l'Égliz-la (Pòtré sa l'Égliz-la ap yé alafin-an)

972 Apré nou fin palé osijè l'Égliz-la, orijîn-li, mision-l épi déstinasion-l,
 773 nou pa kapab jouinn pi bon konklizion pasé antan nou viré gadé Mari pou
 nou kontanplé nan li sa l'Égliz-la yé nan mistè-l la, nan « pèlerinaj
 lafoua » li-a, épi sa-l pral yé nan patri k-ap vini-an, alafin vouayaj li-a
 koté « nan gloua Trè Sint Trinité-a yo pa kapab divizé-a », « nan
 kominion tout sin-yo » (LG 69), Mari ap tann l'Égliz-la ki vénéré-l kòm
 829 Manman Granmèt li-a épi kòm pròp Manman pa-l la.

2853 « An atandan, poutèt li déjà jouinn gloua nan sièl ak kò-li épi ak nanm-li,

Manman Jézu sé pòtré ak kòmansman akonplisman l'Égliz-la nan sièk k-ap
 vini-an, konsa tou sou tè sa-a, joustan jou Granmèt-la rivé, li déjà kléré
 tankou sign espérans ak konsolasion asiré pou Pèp Bondié-a ki an vouayaj »

(LG 68).

RÉZIMÉ

973 *Lè Mari té di paròl « Fiat »-la (« Sé pou sa fêt »-la) nan Anonsiasion-an épi konsa li té bay konsantman-l pou mistè Inkarnasian-an, li déjà*

kolaboré nan tout travay Pitit li-a té gin pou akonpli-a. Tout koté [Kris-la] sé Sovè épi Tèt kò mistik-la, Mari sé Manman.

974 *Trè Sint Vièj Mari, lè-l té fini kous lavi-l sou tè-a, yo té pran-l ak kò-l ak nanm-li nan gloua sièl-la, koté li déjà patisipé nan gloua Réziréksion Pitit li-a, antan-l antisipé réziréksion tout manb kò-l yo.*

975 « Nou kouè trè sint Manman Bondié-a, nouvo Èv-la, Manman l'Égliz-la, kontinué égzèsé fonksion manman-an aléga manb Kris-la » (SPF 15).

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)